

Gid rapid pou lekòl leta Vil Nouyòk



Septanm 2016
Byenveni

OUVÈTI LEKÒL ELEMEN DEBAZ

Kòmansman yon nouvel ane lekòl se yon moman enteresan. Men yon gid pou ede w jwenn repons pou kesyon moun poze pi souvan nan moman sa a.

Kibò pou kòmansse:

1. Pale avèk kowòdonatè paran w lan. Rele lekòl la oswa ale sou sitwèb lekòl la pou jwenn enfòmasyon resan pou kontakte kowòdonatè paran an.
2. Pran yon kopi *Achieve NYC*, ki se gid ou pou lekòl leta Vil Nouyòk pou 2016-2017 lan. Mande lekòl ou a yon kopi nan lang ou pi pito a.
3. Ale sou sitwèb DOE a (schools.nyc.gov) oswa gade enfòmasyon pi ba yo sou sèvis ki enpòtan yo.



Enskripsyon

Ou ka enskri pou lekòl primè nan lekòl ki pou sektè ou abite a *zoned school*. Pou konnen ki lekòl ki pou sektè ou abite a ale nan schools.nyc.gov oswa rele **311**.

Apati kounye a jiska 18 Septanm, elèv lekòl segondè dwe ale nan yon Sant enskripsyon pou ouvèti lekòl *Back to School Registration Center*. Afprè 18 Septanm, yo ka ale enskri nan yon *Family Welcome Center*.

Pou jwenn enfòmasyon konplè pa nivo klas oswa pa pwogram, oswa pou jwenn plis enfòmasyon sou dokiman yo egzije, ale sou paj *Choices and Enrollment* an nan schools.nyc.gov/ChoicesEnrollment oswa rele **718-935-3500**.



Manje lekòl

Yo ofri tout elèv manje maten ak manje midi ki bon ak nourisan nan lekòl yo. Manje maten an gratis pou tout elèv epi gen apeprè 80% elèv DOE ki elijib pou manje midi gratis.

Pou kalifye pou manje midi gratis, fanmiy dwe ranpli yon fòm aplikasyon anpaye Manje nan lekòl oswa sou entènèt. Mande yon fòm aplikasyon anpaye nan lekòl pitit ou ye a, oswa ranpli yon aplikasyon sou entènèt nan nyc.applyforlunch.com.

Konnen sa ki disponib pou manje midi chak jou nan schoolfoodnyc.org.



Mwayen transpò

Elèv nan vil ka elijib pou swa sèvis otobis jòn (kote ki genyen)swa yon MetroCard pou trajè a mwaye pri/pri konplè. Elijiblite a baze sou nivo klas elèv la ak distans li abite ak lekòl la.

Elèv ki gen bezwen espesyal yo ka resevwa sèvis otobis jòn si sèvis transpò obligatwa nan Plan edikasyon endividyèl *Individualized Education Programs* (IEP).

Pou plis enfòmasyon, kontakte kowòdonatè pou transpò nan lekòl pitit ou a, telephone nan **718-392-8855** oswa ale sou schools.nyc.gov/Offices/Transportation.

Si w gen nenpòt enkyetid nan lekòl pitit ou a:



Edikasyon espesyal

Nan plizyè ka, elèv ki gen IEP ka ale nan menm lekòl yo ta sipoze ale si yo pa t gen yon IEP.

Yo anseye elèv ki gen IEP yo ansanm ak elèv ki pa gen andikap yo epi yo ba yo menm leson nan pi fò ka posib. Pou plis enfòmasyon sou edikasyon espesyal, pale avèk pwofesè pitit ou a, direktè oswa paran koòdonatè paran lekòl la, oswa ale nan schools.nyc.gov/SpecialEducation.



Sèvis Tradiksyon ak Entèpretasyon

Nou pale lang ou pale a ! Lekòl ka ofri fanmi sèvis entèpretasyon ak tradiksyon gratis. Mande koòdonatè paran w lan, koòdonatè pou aksè lang *language access coordinator* (LAC) oswa direktè lekòl pitit ou ye a si w bezwen yo ede w nan lang ou pale a. Si w gen kesyon oswa opinyon sou sèvis lang la, rele **718-935-2013** oswa ale nan schools.nyc.gov/Offices/Translation. Pou sèvis entèpretasyon an siy pou moun ki bèbè/soud, kontakte koòdonatè paran an oswa rele **212-802-1500**, ext. 7181.



Elèv k ap aprann lang angle *English Language Learner (ELL)*

Fanmi ELL yo ka chwazi youn nan twa pwogram sa yo: Pwogram an de lang, Edikasyon bileng pou tranzisyon ak Anglè kòm yon nouvo lang. Pou plis enfòmasyon, ale nan schools.nyc.gov/Academics/ELL/FamilyResources, rele **212-323-9559**, oswa voye yon imèl nan ELLFamilies@schools.nyc.gov.



Sèvis sante

Lekòl ka bay swen, sèvis ak akomodasyon pou elèv ki gen bezwen sante espesyal, tankou pran medikaman nan lekòl la. Si pitit ou a bezwen sèvis espesyal, w ap bezwen pou ranpli yon fòm sante ki disponib nan lekòl ou a oswa nan schools.nyc.gov/Offices/Health/SchoolHealthForms.

Pwogram sante mantal anndan lekòl nan lekòl Vil Nouyòk nan tout senk borough yo pou elimine baryè pou reysit akademik. Tout sèvis yo prive ak konfidansyèl. Pou w jwenn plis enfòmasyon, al sou sit schools.nyc.gov/Offices/Health/SBHC/MentalHealth.



Suiv pwogrè pitit ou a

Jwenn plis enfòmasyon sou pwogrè akademik pitit ou lè ou anrejistre pou yon kont lekòl Vil Nouyòk *NYC Schools Account* la nan MyStudent.nyc. Si w bezwen èd konsènan jan pou w oryante w sou kont ou a, kontakte lekòl pitit ou a oswa rele **311**.



Sipò pou fanmi

Koòdonatè sipò pou fanmi *Family Support Coordinators* (FSCs) se pwen kontak pou fanmi ki ta renmen konsidere pwoblèm yo pa ka rezoud nan lekòl timoun yo. Chèche FSC pa w la nan schools.nyc.gov/AboutUs/schools/superintendents.



Kalandriye lekòl

Sous ou pou konnen dat enpòtan nan ane lekòl la nan schools.nyc.gov/Calendar.

Pou plis enfòmasyon

- Pou nouvèl ki fèk parèt sou lekòl nan Vil la, ale sou schools.nyc.gov.
- Ou ka resevwa alèt regilye pa imèl si w anwole nan schools.nyc.gov/Subscribe.
- Si w gen lòt kesyon ki gen rapò ak lekòl, rele 311.